

BAB III

MÈTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar: 1) desain panalungtikan, 2) data jeung sumber data panalungtikan, 3) prosédur panalungtikan 4) instrumén panalungtikan, 5) téhnik ngumpulkeun data, jeung 6) téhnik analisis data.

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, pamarekan nu digunakeun téh nyaéta pamarekan kuantitatif kalayan ngagunakeun métode ékspérimen tur ngagunakeun desain pre-ékspériméntal atawa mineng disebut métode kuasi ékspérimén.

Nurutkeun Yusuf (2014, kc.58) pamarekan kuantitatif mangrupa salasahiji jenis panalungtikan nu sistematis, kasusun, jeung ka struktur jelas ti mimiti nepi ka dijieunna desain panalungtikan. Lian ti éta, pamarekan kuantitatif téh gé leuwih museur ngeunaan angka, pangumpulan data, nu satuluyna bisa ditafsirkeun jeung ditampilkeun ngaliwatan angka. Ieu hal luyu jeung pamadegan Sugiyono (2013, kc.8) nétélakeun yén pamarekan kuantitatif nyaéta métode nu didasaran ku filsafat positivism, dilarapkeun pikeun nalungtik populasi atawa sampel nu tangtu, ngumpulkeun data ngagunakeun instrumén panalungtikan, analisis data nu sipatna kuantitatif atawa statistik nu tujuanana pikeun nguji hipotésis nu geus ditangtukeun. Disebut pamarekan kuantitatif lantaran panalungtikanana mangrupa angka-angka jeung analisis statistik. Hal penting séjénna nu kudu aya dina panalungtikan nyaéta métode panalungtikan.

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode ékspérimén. Métode ékspérimén nyaéta métode nu dilaksanakeun pikeun nguji hal anu aya patalina sabab jeung akibat. Ieu hal luyu jeung pamadegan Sugiyono (2013, kc.6) nu nétélakeun yén métodé ékspérimén mangrupa hiji métode panalungtikan nu digunakeun pikeun meunangkeun pangaruh dina digunakeunana perlakuan (*treatment*) nu tangtu. Lian ti éta, métodé ékspérimén nyaéta métode panalungtikan nu tujuanna pikeun nétélakeun hubungan kausalitas (sebab-akibat) tina hiji variabel jeung variabel séjénna variabel X jeung variabel Y (Siyoto & Sodik, 2015, kc.23). Pikeun ngajelaskeun hubungan sebab-akibat, panalungtik kudu ngalakukeun

kontrol jeung pengukuran nu cermat ngeunaan variabel-variabel panalungtikan, tapi lain ngan saukur ngajelaskeun hubungan sebab-akibat hungkul, tapi ogé ngajelaskeun jeung ngaprédiksi gerak atau arah hiji variabel ka hareupna. Méthode ékspérimén dibagi jadi tilu jenis nyaéta pra ékspérimén (*weak experiment*), ékspérimén semu (*quasi eksperiment*), jeung ékspérimén murni (*true experiment*) (Suwartono, 2014, kc.134).


Dina ieu panalungtikan ngagunakeun méthode ékspérimén semu (kuasi ékspérimén). Nurutkeun Hastjarjo (2019, kc. 189) méthode kuasi ékspérimén mangrupa hiji ékspérimén nu nempatkeun unit ékspérimén nu pangleutikna kana kelompok ékspérimén nu dilakukeun sacara kakontrol/teh dilakukeun sacara acak (*nonrandom assignment*).

Dumasar kana pamarekan Arikunto (2010, kc.123) desain panalungtikan kuasi ékspérimén kabagi kana sababaraha rupa désain panalungtikan, nyaéta: 1) *desain one shot case study*, 2) *Desain pre-test and post-test*, jeung 3) *desain statict group comparsion*.

Desain nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta desain *pretest-treatment-posttest* atawa disebut ogé *one group pretest-posttest desain*. Obsérvasi anu dilakukeun saméméh ékspérimén (O_1) disebut *pretest*, sedengkeun obsérvasi nu dilakukeun sanggeus ékspérimén (O_2) disebut *posttest*. Bédana O_1 jeung O_2 diasumsikeun mangrupa éfék tina diayakeunna *treatment* atawa perlakuan.

Dina ieu méthode, kamampuh siswa diukur dua kali nyaéta kamampuh saméméh jeung sanggeus dibéré *treatment* ngagunakeun modél pangajaran *Examples Non Examples*. Ieu méthode digunakeun pikeun ngukur alus henteuna modél pangajaran *Examples Non Examples* jeung ngukur kamampuh siswa kelas XII-MIA 7 SMA Negeri 1 Rancaekek taun ajar 2021/2022 dina pangajaran nulis artikel.

Nurutkeun (Arikuto, 2010, kc.124) desain panalungtikan *one group pretest-posttest desain* digambarkeun saperti ieu di handap.



(Arikuto, 2010, kc.124)

Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan

Keterangan:

O₁ = (*pretest*) kamampuh nulis artikel siswa saméméh ngagunakeun modél *Examples Non Examples*.

X = (*treatment*) dilaksanakeunna pangajaran nulis artikel ngagunakeun modél *Examples Non Examples*).

O₂ = (*posttest*) kamampuh nulis téks artikel sanggeus ngagunakeun modél *Examples Non Examples*.

Hasil ahir tés digunakeun pikeun maluruh kamampuh saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Examples Non Examples* ogé pikeun ngabandingkeun alus henteuna modél *Examples Non Examples* jeung ngukur kamampuh siswa kelas XII-MIA 7 SMA Negeri 1 Rancaekek taun ajar 2021/2022 dina pangajaran nulis artikel.

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Dina ieu sub sub bab dipedar: 1) Data, jeung 2) sumber data.

Data jeung Sumber data mangrupa bagian anu penting tina hiji panalungtikan. Data jeung sumber data dina ieu panalungtikan dijéntrékeun saperti ieu di handap.

3.2.1 Data

Nurutkeun Siyoto & Sodik (2015, kc.58) data nyaéta fakta émpirik nu dikumpulkeun panalungtik pikeun kapentingan dina ngaréngsékeun pasualan atau ngajawab rumusan masalah panalungtikan. Lian ti éta, data gé nyaéta hiji hal nu can mibogaan harti pikeun panarima jeung masih kénéh merlukeun prosés olah data. Data nu dicangking dina ieu panalungtikan nyaéta data kuantitatif jeung data kualitatif.

Data kuantitatif dina ieu panalungtikan téh nyaéta kamampuh nulis artikel siswa kelas XII-MIA 7 SMA Negeri 1 Rancaekek taun ajar 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Examples Non Examples*. Pikeun data tambahan dina ieu panalungtikan mangrupa data kualitatif nyaéta tanggapan siswa ngeunaan pangajaran nulis artikel sanggeus digunakeunna modél *Examples Non Examples* sarta data hasil wawancara guru basa Sunda SMAN 1 Rancaekek.

3.2.2 Sumber Data

Sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta data kuantitatif nu mangrupa kelas nu bakal jadi ékspérimén. Jumlah kelas XII di SMA Negeri 1 Rancaekek téh aya 12 kelas anapon MIA 1-7, IPS 1-4, tur kelas Bahasa. Anapon nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas XII-MIA 7 SMA Negeri 1 Rancaekek taun ajar 2021/2022.


Tabél 3. 1

Jumlah Siswa Kelas XII-MIPA 7

Jenis Kelamin	Jumlah Siswa
(1)	(2)
Lalaki	15 urang
Awéwé	20 urang
Jumlah Sakabéh Siswa	35 urang

3.3 Prosédur Panalungtikan

Dina prosédur panalungtikan, nétélakeun léngkah-léngkah nu bakal dipilampah nalika panalungtikan lumangsung. Lantaran ieu panalungtikan ngagunakeun desain panalungtikan *one group pretest-posttest desain*. Ku kituna, sangkan leuwih jéntré bisa diwincik ngaliwatan bagan saperti ieu di handap.



Bagan 3. 2 Prosédur Panalungtikan

Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif, kalayan ngagunakeun métode ékspérimén. Desain nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta desain *pretest-treatment-posttest* atawa disebut ogé *one group pretest-posttest desain*. Obsérvasi anu dilakukeun saméméh ékspérimén (O_1) disebut *pretest*, sedengkeun obsérvasi nu dilakukeun sanggeus ékspérimén (O_2) disebut *posttest*. Sangkan leuwih jéntré, prosédur panalungtikan dipérékeun saperti ieu di handap.

a. Tatahar

Tatahar saméméh ngayakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara ka guru basa Sunda SMA Negeri 1 Rancaekek pikeun maluruh pasualan nu karandapan ku siswa dina pangajaran basa Sunda. Satuluyna panalungtik nyusun léngkah-léngkah nu dilakukeun pikeun ngungkulan éta pasualan dina pangajaran nulis artikel ngagunakeun modél nu geus dipilih nyaéta modél *Examples Non Examples*. Dina ieu panalungtikan aya dua variabel nyaéta variabel bébas jeung variabel kauger. Variabel bébasna nyaéta modél *Examples Non Examples* sedengkeun nu dipangaruhanna mangrupa variabel kauger nyaéta kamampuh nulis artikel siswa kelas XII MIA 7 SMA Negeri 1 Rancaekek taun ajar 2021/2022.

b. Ngalaksanakeun jeung ngumpulkeun data panalungtikan

Dumasar pasualan nu kapaluruh dina nulis artikel, panalungtik ngalaksanakeun panalungtikan ka siswa kelas XII MIA 7 SMA Negeri 1 Rancaekek taun ajar 2021/2022. Anapon léngkah-léngkah ngalaksanakeun jeung ngumpulkeun data panalungtikan dijéntrékeun ieu di handap.

- 1) Ngalaksanakeun tés saméméh ngagunakeun modél *Examples Non Examples*. Ieu kagiatan dilakukeun pikeun maluruh kamampuh awal nulis artikel siswa kelas XII MIA 7 SMA Negeri 1 Rancaekek taun ajar 2021/2022;
- 2) Ngalaksanakeun nulis artikel ngagunakeun modél *Examples Non Examples* salaku *treatment*; jeung
- 3) Ngalaksanakeun tés ahir sanggeus ngagunakeun modél *Examples Non Examples* pikeun maluruh kamampuh siswa sanggeus dibéré *treatment*.

c. Tahap ngolah data

Sabada ngalaksanakeun tés saméméh (*pretest*) jeung tés sanggeus (*posttest*) tangtu aya data nu dimeunangkeun. Sakabéh data diolah ngagunakeun rumus statistika. Anapon léngkah-léngkah ngolah datana nya éta:

- 1) ngolah hasil data saméméh ngagunakeun modél *Examples Non Examples*;
- 2) ngolah data sanggeus ngagunakeun modél *Examples Non Examples*; jeung

3) nyusun hasil panalungtikan dina wangun laporan.

d. Kacindekan

Sabada sakabéh prosedur panalungtikan kalaksanakeun nu ngawengku tatahar, ngalaksanakeun jeung ngumpulkeun data dipungkas ku kagiatan ngolah data, tuluy panalungtik nyieun kacindekan tina sakabéh prosés nu geus dilaksanakeun salila panalungtikan.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nyusun Instrumén mangrupa léngkah penting dina prosédur panalungtikan. Instrumén panalungtikan diperlukeun pikeun meunangkeun data panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2013, kc.102) instrumén panalungtikan mangrupa hiji alat pikeun ngukur fénoména alam atawa sosial nu talungtik pikeun meunangkeun data. Nyusun instrumén dina dasarna nyaéta nyusun alat évaluasi, lantaran ngaévaluasi nyaéta meunangkeun data ngeunaan hal nu ditalungtik tur hasil nu dimeunangkeun bisa diukur ngagunakeun standar nu geus ditangtukeun saacanna ku panalungtik. Aya dua tés nu bisa gunakeun pikeun alat ukur, nyaéta tés tulis jeung tés lisan.

Dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun nyaéta tés tulis wangun éssay. Soal tés dijieun ku panalungtik nu museur kana KIKD. Tés tinulis nu digunakeun dina ieu panalungtikan ku cara siswa dibagi kelompok, tuluy siswa dibéré LKPD (Lembar Kerja Peserta Didik) anu eusina hal-hal nu patali jeung matéri nulis artikel nu satuluyna siswa nganalisis gambar ngeunaan téknologi jeung budaya Sunda nu aya dina proyéktor tur nyusun kekecapan nu bakal jadi rangkay nulis artikel basa Sunda pikeun ngagampilkeun nalika prosés nulis artikel. Ku kituna, upama nilik kana téhnisna, ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik obsérvasi langsung, nyaéta obsérvasi anu dipaké sacara langsung kana objék nu ditalungtik. Tés dilakukeun dua kali, nya éta saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Examples Non Examples*.

Pikeun meunangkeun data panalungtikan, sangkan prosésna gampang kudu nyusun kisi-kisi soal. Anapon kisi-kisi soal minangka instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

Tabél 3. 2
Kisi-kisi Soal

<i>Kompetensi Dasar (KD)</i>				
<i>4.5 Menulis asrtikel sederhana berbahasa Sunda dengan memperhatikan struktur dan penggunaan kaidah kebahasaan.</i>				
No	Matéri	Indikator soal	Level kognitif	Rubrik
1	<i>Menulis Artikel</i>	<i>Disajikan contoh teks artikel berbahasa Sunda, peserta didik dapat menulis artikel berbahasa Sunda dengan memperhatikan struktur dan penggunaan kaidah kebahasaan.</i>	C6	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Kelengkapan mengembangkan kerangka teks artikel menjadi teks artikel seutuhnya sesuai dengan struktur teks artikel</i> - <i>Penggunaan diksi dalam teks artikel</i> - <i>Penggunaan ejahan dalam teks artikel</i> - <i>Kesesuaian gambar ilustrasi dengan isi teks artikel</i> - <i>Kesesuaian pemakaian bahasa</i>

Satuluyna éta kisi-kisi nu geus disusun téh dirobah kana wangun lembar soal minangka instrumén tés. Anapon lembar tés nu dijieun téh digunakeun dina *pre-test* jeung *post-test* nyaéta saperti tabél ieu di handap.

Lembar Kerja Peserta Didik (LKPD) nulis artikél saméméh (*Pretest*)

Soal Nulis Téks Artikel

Paréntah :

Pék jieun ku hidep téks artikel dumasar kana padika nulis artikel (struktur jeung aspék kabasaan artikel) Témana ngeunaan téknologi/ budaya Sunda.

Lembar Jawaban Peserta Didik (Pretest)

Anggota Kelompok :

Kelas :

Lembar Kerja Peserta Didik (LKPD) nulis artikél sanggeus (*Posttest*)

Paréntah	:
Sabada hidep niténan gambar dina proyéktor,	
a) Pilih gambar nu luyu jeung téma nu keur dibahas, nyaéta nu ka asup kana téknologi/budaya Sunda.	
b) Susun rangkay artikel dumasar gambar nu geus dipilih, satuluyna jieun hiji artikel basa Sunda nu basajan luyu jeung nu aya dina gambar kalayan merhatikeun eusi karangan, struktur artikel, kaidah kabasaan (diksi, éjahan, jeung tanda baca)!	

Lembar Jawaban Peserta Didik (posttest)

Anggota Kelompok :

Kelas :

--

Ieu panalungtikan téh dibarung ku modél minangka pangrojong pikeun kahontalna tujuan pangajaran. Modél nu dipaké mangrupa modél *Exemplés Non Examples*. Lian ti éta, modél *Examples Non Examples* mangrupa modél pangajaran nu ngagunakeun téhnik ningali gambar jeung nyindekkeun atawa ngajelaskeun konsep naon nu dibeunangkeun ku siswa tina sababaraha gambar nu dipidangkeun. Anapon gambar nu dipidangkeun dina ieu modél téh ngaliwatan proyékto nu mangrupa slide dina *power point* anu di jero na aya gambar ngeunaan téhnologi jeung budaya Sunda luyu jeung téma nu digunakeun, sedengkeun gambar séjénna nyaéta gambar nu teu saluyu jeung téma nu dipilih. Satuluyna siswa kudu milih gambar nu saluyu jeung téma tur nganalisis éta gambar jadi kekecapan nu bisa digunakeun pikeun nyusun rangkay artikel nu satuluyna bisa ngamekarkeun jadi téks artikel.

Tujuan dijieunna instrumén ieu minangka nambahan pangaweruh siswa ngeunaan istilah-istilah nu bisa digunakeun pikeun nyusun artikel ngaliwatan analisis gambar nu disadiakeun. Sangkan leuwih jéntré, gambarna nu baris ditampikeun saperti ieu di handap.



Gambar 3. 1 Museum Sribaduga



Gambar 3. 2 Kampung Adat Kesepuhan Cipta Gelar



Gambar 3. 3 Rumah Adat Joglo



Gambar 3. 4 Wayang Golék



Gambar 3. 5 Tari Pédét



Gambar 3. 6 Candi Cangkuang



Gambar 3. 7 Tari Piring




Gambar 3. 8 Alat Musik Kolintang




Gambar 3. 9 Kabaya Pangsi



Gambar 3. 10 Saung Angklung Udjo



Gambar 3. 11 Téhnologi Informasi



Gambar 3. 12 Média Sosial

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Téhnik tés nurutkeun Arikunto (dina Kadarisman & Sartinah, 2018. kc. 6) nyaéta saruntuyan pertanyaan atawa latihan nu digunakeun pikeun ngukur kamampuh, pangaweruh intelegensi, atawa kaparigelan nu dipiboga unggal individu atawa kelompok. Ieu panalungtikan ngagunakeun dua tés nyaéta tés saméméh (*Pretest*) jeung tés sanggeus (*Posttest*). Tés saméméh (*pretest*) dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh nulis artikel saacan dibéré *treatment*/perlakuan, sedengkeun tés sanggeus (*posttest*) dilakukeun pikeun mikanyaho sa jauh mana kamampuh nulis nulis artikel siswa sanggeus dibéré *treatment*/perlakuan. Tés dilakukeun ngaliwatan tés tinulis wangun éssay.

Pangumpulan data dina panalungtikan perlu dipantau pikeun meunangkeun data nu kajaga boh validitas jeung réalibilitasna. Lian ti éta, dina ieu panalungtikan pikeun ngumpulkeun data panalungtikan ngagunakeun téhnik obsérvasi, obsérvasi nyaéta hiji kagiatan *mengamati* sacara langsung hiji kagiatan nu keur lumangsung.

Dina ieu panalungtikan obsérvasi dilakukeun ka siswa, satuluyna hasil obsérvasi bakal dijadikeun salaku data pendukung dina hasil panalungtikan.

Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Siswa dibéré tést awal pikeun ngukur kamampuh nulis artikel saméméh ngagunakeun modél *Examples Non Examples*;
- 2) Sabada mikanyaho kamampuh nulis artikel siswa saméméh ngagunakeun modél *Examples Non Examples*, panalungtik nataharkeun heula naon waé nu dibutuhkeun nalika prosés pangajaran lumangsung;
- 3) Nepikeun matéri nulis tékst artikel kalawan ngagunakeun model *Examples Non Examples* dina lumangsungna prosés pangajaran. Ieu kagiatan gé disebut tahapan méré perlakuan (*treatment*); sarta
- 4) Sabada ngalaksanakeun *treatment*, siswa dibéré tést ahir (*posttest*) pikeun mikanyaho kamampuh nulis artikel siswa sanggeus ngagunakeun modél *Examples Non Examples*.

3.6 Analisis Data

Dina ieu sub bab dipedar: 1) téhnik ngolah data, 2) uji sipat data, jeung 3) uji hipotésis.

Téhnik analisis data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data nu geus kakumpul. Nurutkeun Siyoto & Sodik (2015, kc..90) analisis data nyaéta runtuyan *penelaahan*, sistematisasi, penafsiran, jeung verifikasi data pikeun hiji fénoména nilai sosial, akademis, jeung ilmiah. Tujuan diayakeunana analisis data nyaéta pikeun ngabasajankeun data dina wujud nu leuwih gampang dibaca jeung diintérpretasi.

Dina prosés analisis data biasana ngagunakeun statistika lantaran salah sahiji fungsi statistika nyaéta pikeun ngabasajankeun data. Data nu diolah jeung dianalisis dina ieu panalungtikan mangrupa ngawengku data hasil kamampuh awal/saméméh (*pre-test*) jeung kamampuh ahir/sanggeus (*post-test*). Lian ti éta, hasil analisis data bisa digunakeun pikeun jadi pangdeudeul sarta ngalengkepan bener atawa henteuna hipotésis nu geus dirarancang dina awal panalungtikan. Analisis data digunakeun pikeun méré peunteun kana hasil kerja siswa dina nulis artikel. Sangkan leuwih

jéntré pikeun analisis data, dilakukeun ngolah data, uji sipat data, jeung uji hipotésis saperti ieu di handap.

3.6.1 Téhnik Ngolah Data

Dina kagiatan ngolah data, data nu geus dikumpulkeun téh diolah pikeun néangan jawaban-jawaban ngeunaan pasualan dina ieu panalungtikan. Hasil tina saméméh (*pretest*) jeung sanggeus (*posttest*) dipariksa, dipeunteun tur dianalisis, anu satuluyna ditabulasikeun pikeun mikanyaho rata-rata peunteun siswa, naha ngarojatna atawa henteu kamampuh nulis artikel siswa nu mangrupa kamampuh awal (*pre-test*) jeung kamampuh ahir (*post-test*). Dina kagiatan ngolah data, ngawengku sababaraha kagiatan saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa tés hasil kamampuh awal (*pretest*) jeung kamampuh ahir (*post-test*) siswa, sarta aspék nu dipeunteunna ngagunakeun kritéria panilaian saperti tabél ieu di handap.

Tabél 3. 3

Rubrik Panilaian Nulis Téks Artikel

Nulis Téks Artikel	No	Aspék	Skor	Kritéria
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
Struktur Téks	A	Eusi	27-30	Hadé pisan: sampurna, hartina maham pisan, bisa mekarkeun kecap koncina/rélevan jeung judul sarta pasualan nu dipedar.
			22-26	Cukup hadé: maham pisan, bisa mekarkeun kecap koncina luyu jeung judul nu dipedar tapi kurang lengkep.

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
			17-21	Sedang-cukup: maham kana eusi tapi nepikeun eusi kurang lengkep.
			13-16	Kurang hadé: teu maham kana eusi, jeung teu bisa nepikeun informasi kalayan lengkep.
	B	Organisasi Eusi	18-20	Hadé pisan: sampurna, eusi dimekarkeun sacara jelas, strukturna sistematis jeung lengkep, hubungan antar paragraf raket.
			14-17	Cukup hadé: kurang terorganisir, tapi ide utama bisa katingali, runtuyanna logis tapi kurang lengkep.
			10-13	Sedeng-cukup: eusi dimekarkeun kurang jelas, runtuyan struktur na teu sistematis hubungan antar paragraf teu raket.
			7-9	Kurang hadé: eusi dimekarkeun teu jelas, strukturna teu sistematis jeung teu lengkep, hubungan antar paragraph teu raket.
Kaidah Basa	C	Diksi	18-20	Hadé pisan: sampurna, jembar dina milih kosa kecap (ngawasa kandaga kecap).

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
			14-17	Cukup hadé: ngawasa kandaga kecap, tapi pilihan kecap kurang merenah tapi teu nga
			10-13	Sedeng-cukup: kurang merenah dina milih kosa kecap, kawatesanan dina milih kekecapan, loba kasalahan dina milih kecap.
			7-9	Kurang hadé: pangweruh kandaga kecap asor, loba pisan kasalahan dina milih kecap jeung teu cukup pikeun diajén.
	D	Makéna Basa	22-25	Hadé pisan: sampurna, ngawasa pisan tata basa, ngan saeutik kasalahan dina makéna basa.
			18-21	Cukup hadé: kurang ngawasa tata basa, saeutik kasalahan dina makéna basa.
			14-17	Sedeng-cukup: kurang ngawasa kana tata basa, loba kasalahan dina maké basa jeung nyusun kalimah.
			11-13	Kurang-hadé: teu ngawasa kana tata basa, loba pisan kasalahan nepi ka teu komunikatif.

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
	É	Éjahan jeung Tanda Baca	5	Hadé pisan: sampurna, ngawasa kana aturan panulisan, tapi aya sababaraha kasalahan éjahan.
			4	Cukup hadé: maham kana aturan nulis jeung saeutik kasalahan éjahan.
			3	Sedeng-cukup: kurang maham kana aturan nulis jeung loba kasalahan éjahan.
			2	Kurang-hadé: teu maham kana aturan nulis jeung loba pisan kasalahan éjahan.

Hartfield jeung Nurgiantoro (dina Kuswari, 2010, kc.183)

(Kalayan diropéa deui)

- 2) Méré peunteun kana kamampuh awal (*pretest*) jeung kamampuh ahir (*post-test*) nulis artikel siswa . Skor anu kahontal dirobah jadi skor ahir kalayan ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\Sigma \text{ skor anu kahontal } (a + b + c + d + e)}{\Sigma \text{ skor maksimal}} \times 100$$

3) Ngasupkeun peunteun kana tabél ieu di handap.

Tabel 3. 4
Kamampuh Nulis Téks Artikel Saméméh jeung Sanggeus Ngagunakeun
Modél *Examples Non Examples*

No. Absen Siswa	Kamampuh Nulis Artikel					$\Sigma 1$	$\Sigma 2$	Katégori
	Struktur Teks		Kabasaan					
	A	B	C	D	E			
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)
1								
2								
3								
4								
5								
6								
7								

Katerangan:

- A : Eusi (Skor maksimal 30)
 B : Organisasi Eusi /Paduan paragraf (Skor maksimal 20)
 C : Diksi/Pilihan kecap (Skor maksimal 20)
 D : Makéna basa (Skor maksimal 25)
 E : Éjahan jeung tanda baca (Skor maksimal 5)
 $\Sigma 1$: Jumlah skor maksimal (100)
 $\Sigma 2$: Jumlah skor kahontal

Tabél 3.5
Katégori Peunteun

Peunteun	Katégori
≥ 75	Siswa dianggap mampu nulis téks artikel
< 75	Siswa dianggap can mampu nulis téks artikel

3.6.2 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas. Satuluyna, data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara maké software SPSS (*Statistical Product and Service Solution*) versi 20. *Statistical Product and Service Solution* mangrupa hiji program aplikasi nu digunakeun pikeun analisis data statistik dina élmu sosial. SPSS mangrupa hiji program aplikasi nu miboga kamampuh pikeun nganalisis statistik sarta pikeun manajemen data dina lingkungan grafis nu ngagunakeun menu déskriptif. Sangkan leuwih jéntré pikeun uji sipat data, dilakukeun ngolah data, dilakukeun uji normalitas saperti ieu di handap.

3.6.2.1 Uji Normalitas

Pikeun nangtukeun yén data téh mibanda distribusi normal atawa teu normal, perlu dilakukeun uji normalitas. Anapon data anu alus pikeun digunakeun dina panalungtikan nyaéta data anu distribusina normal. Dina ieu panalungtikan, uji normalitas ngagunakeun uji Uji *Kolmogorov-Smirnov*.

Anapon pikeun nyokot kaputusan hasil uji normalitas data dina panalungtikan nyaéta ngagunakeun dasar saperti ieu di handap.

H_0 = distribusi data normal

H_1 = distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Kolmogorov-Smirnov* miboga taraf signifikan 95% ($\alpha= 0,05$). Anapon kritéria dina uji normalitas saperti ieu di handap.

H_0 ditarima atawa H_1 ditolak , upama nilai sign (signifikansi) $\geq 0,05$

H_0 ditolak atawa H_1 ditarima , upama nilai sign (signifikansi) $< 0,05$

3.6.3 Uji Hipotésis

Hipotésis statistik mangrupa hiji anggapan atawa dugaan anu can tangtu bener ngeunaan hiji populasi atawa leuwih (Siyoto & Sodik, 2015, kc. 101). Disebut bener, upamana geus diuji sacara statistik ngeunaan hiji karakteristik (*parameter*). Pikeun nangtukeun hipotésis bisa dilakukeun ku dua cara. Upama distribusi data hasil uji normalitas miboga sifat anu normal, uji hipotésis dilakukeun ku cara ngagunakeun statistik paramétrik ngagunakeun *t-tes*. sedengkeun upama distribusi datana miboga sipat anu teu normal, uji hipotésis dilakukeun ku cara ngagunakeun statistik paramétrik kalawan uji *Wilcoxon Match Pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima henteu na éta hipotésis, ieu hal dumasar kana kritéria saperti ieu di handap.

a. Hipotésis Alternatif (H_1)

Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis artikel siswa saméméh jeung sanggeus digunakeun modél *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis artikel siswa kelas XII-MIA 7 SMA Negeri 1 Rancaekek taun ajar 2021/2022.

b. Hipotésis Nol (H_0)

Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis artikel siswa saméméh jeung sanggeus digunakeun modél *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis artikel siswa kelas XII-MIA 7 SMA Negeri 1 Rancaekek taun ajar 2021/2022.

Dumasar kana éta hipotésis, panalungtik kudu nangtukeun ditarima atawa henteu na éta hipotésis kalawan kriteria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 ditarima atawa H_1 ditolak , upama nilai sign (signifikansi) $\geq 0,05$

H_1 ditarima atawa H_0 ditolak , upama nilai sign (signifikansi) $\leq 0,05$